



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 32 PWOJÈ KE FON 20 MILYON DOLA GREATER BINGHAMTON NAN PRAL FINANSE

Plan investisman ekonomik estratejik la pral finanse pwojè enpòtan nan Binghamton, Johnson City ak Endicott

Investisman yo Konplemante “Southern Tier Soaring” – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia ke te gen 32 pwojè ki resevwa finansman gras ak 20 milyon dola [Fon Greater Binghamton \(Greater Binghamton Fund, GBF\)](#) nan. Premye fwa yo te [anonse](#) inisyativ la se [Gouvènè a ki te fè sa an Out 2017](#) pou fasilite pwojè kwasans ekonomik enpòtan nan Binghamton, Johnson City ak Endicott jan sa dekri nan plan Inisyativ Revitalizasyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), Southern Tier Soaring. Fon Greater Binghamton nan gen pou objektif transfòme sèten sant iben, oswa “iDistricts”, an kominote kote pwochen jenerasyon travayè a ap vle rete, travay, ak pran plezi li. Fon an pral soutni pwojè inovatè ak kreyatif, sa gen ladan devlopman pou izaj miks ak revni miks, devlopman vant an detay ak komèsyal, epi yo pral aplike teknoloji kwasans entelijan nan amelyorasyon enfrastrikti yo ak peyizaj lari a.

“Fon Greater Binghamton nan se yon gwo chanjman pou tout rejyon an, pandan l ap bay opòtinite pou devlopman ak revitalizasyon”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa pral ede kreye yon anviwònman pou biznis pwospere ak grandi epi atire anplwaye ki gen gwo kalifikasyon, k ap sipòte vitalite Southern Tier pandan l ap kontinye grandi.”

“Fon Greater Binghamton nan ap mobilize investisman prive enpòtan pou finanse pwojè k ap transfòme Binghamton, Endicott, ak Johnson City”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi te di.** “Rejyon Nò New York ap avanse tankou sa pa janm fèt avan paske nou gen yon konsantrasyon san presedan sou devlopman ekonomik ak kreyasyon travay. Fon sa a sipòte nouvo travay, nouvo lojman abòdab, ak amelyorasyon estetik lari a pou kontinye revitalizasyon Southern Tier.”

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier (Southern Tier Regional Economic Development Council) te mande enfòmasyon piblik atravè yon seri evènman, tankou reyinyon kominotè nan chak “iDistrict”, endistri, gwoup diskisyon, reyinyon patisipan, ak konsèy epi direksyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal *gwoup Travay Greater Binghamton* nan. *Gwoup Travay Greater Binghamton* nan se Direktè

Egzekitiv Konte Broome Jason Garnar ak Responsab Anplwaye Binghamton University Terry Kane k ap dirije li.

Pwojè yo te chwazi yo gen ladan:

Binghamton

- **Amizman Anba Lavil ak Distri Oganizasyon Kiltirèl:** Pral etabli yon atizay inifye ak itilizasyon melanj kilti distri nan ranfòsman akraj atizaj ki deja egziste, kreyasyon espas piblik dinamik ak estetik lari, ak redevlopman pwopriyete ki deja egziste nan objektif pou atire nouvo rezidan, biznis, atis ak patwon atizaj nan anba lavil Binghamton. *Depans Total pou Pwojè a: 3,617,659 dola/GBF rekonpans: 1,725,120 dola.*
- **The Kenmore:** Apèl pou renovasyon konplè bilding istorik an 26 apatman estidyo modèn, ananm ak ajou yon asansè nan etablisman an. *Depans Total pou Pwojè a: 2,525,500 dola/GBF rekonpans: 500,000 dola.*
- **70-72 Court Street:** Mete sou sa konstwiksyon yon kay pou espas komèsyal nan pati anba a epi rezidans nan pati anwo yo. *Depans Total pou Pwojè a: 4,750,000 dola/GBF rekonpans: 500,000 dola.*

Endicott

- **Endicott Hotel:** Apèl pou deteryorasyon Endicott Inn, ke yon otèl 76 chanm pral ak sant konferans pral ranplase ki pral sèvi pasrèl pou Endicott iDistrict la. *Depans Total pou Pwojè a: 7,978,531 dola/GBF rekonpans: 1,595,700 dola.*
- **Redevlopman Henry B. Endicott School:** Apèl pou reutilizasyon adapte ansyen lekòl an yon devlopman rezidansyèl k ap rele Endicott Square. Li pral genyen ladann 71 lojman apatman abòdab li pral sible fanmi ki genyen Salè nan Zòn Median ki nan oswa pi ba pase 60%. *Depans Total pou Pwojè a: 23,864,566 dola/GBF rekonpans: 3,000,000 dola.*
- **Sant Manifakti Avanse Huron Campus:** Li genyen de eleman ki konpoze li. Premye a pral wè akizasyon ak demolisyon de batiman ki egziste deja pou konstwi yon nouvo pasrèl kòporatif nan pati nò pak endistriyèl la. Dezyèm pyès la fè demann pou demolisyon pasyèl de bilding kanpis nò ak netwayaj ak epi replanifikasyon espas la pou lokatè ki gen pou vini. *Depans Total pou Pwojè a: 1.3 milyon dola/GBF rekonpans: 455,000 dola.*

Johnson City

- **Revitalizasyon Transfòmasyon Southern Tier Ag (START):** Nou pral wè ekspansyon lokal, Southern Tier dirab, agrikilti andedan kay jèn konpayi AgZeit, LLC. Konpayi a kiltive pwodwi òganik pandan tout ane a. Yo pral achte de pwopriyete yon fason pou etan operasyon kwasans li pou sèvi Johnson City ak Endicott iDistrict yo. *Depans Total pou Pwojè a: 11,741,598 dola/GBF rekonpans: 1,949,000 dola.*
- **Chemen Ray Johnson City:** Pral transfòme Chemen Fè Norfolk-Southern ki pa ase itilize an yon ray plizyè mòd. *Depans Total pou Pwojè a: 591,560 dola/GBF rekonpans: 514,400 dola.*

- **Pwen Cho Wi-Fi JC iDistrict yo:** Apèl pou kreyasyon sis pwen cho Wi-Fi nan pak piblik ak arè bis atravè distri Johnson City kote nenpòt moun ak yon telefòn entèlijan oswa aparèy ka jwenn aksè ak entènèt san peye anyen. *Depans Total pou Pwojè a: 75,325 dola/GBF rekonpans: 65,500 dola.*

Lè nou mete yo ansanm, pwojè transfòmasyon Fon Greater Binghamton pral genyen ladann 139,000 pye kare espas komèsyal renove oswa nouvo, 12 estetik lari oswa pwojè domèn piblik, renovasyon kat pwopriyete istorik enpòtan, 30 enstalasyon atizay piblik, 3 demolisyon, 20 renovasyon fasad, retilizasyon adapte nèf bilding ki vid ak konstwiksyon 145 nouvo apatman lojman abòdab ak pri mache a. Antou, inisyativ la reprezante yon total 80.3 milyon dola envestisman alafwa piblik ak prive.

Pou yon lis konplè 32 pwojè ki chwazi pou resevwa fon nan kad pwogram GBF la klike [la a](#).

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Fon Greater Binghamton nan sipòte pwojè ki sible revitalizasyon zòn iben ke y ap neglije lontan ak bilding istorik, ak yon planifikasyon pou kreye sant kiltirèl, travay ak lojman--tout sa yo pral estimile envestisman ak dirablite rejyonal”.

Tom Tranter, ki se Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier lan, Prezidan ak PDG Corning Enterprises ak Harvey Stenger, Prezidan Binghamton University, te deklare, “Gras a ide inovatè ki nan plan ‘Southern Tier Soaring’ nan, tankou paregzanp Fon Greater Binghamton nan, rejyon sa a pral kontinye wè pwogrè ekonomik solid pandan plizyè ane k ap vini yo. Gras a vizyon Gouvènè Cuomo ak angajman li nan jenere kwasans ekonomik nan Nò Eta a, gen chanjman toutbon k ap fèt la a”.

Pwojè yo chwazi yo tonbe nan limit jewografik distri inovasyon ki deziyen yo. “iDistrict yo” ankre nan estimilan ekonomik enpòtan tankou:

Enkibatè Koffman Southern Tier anba lavil Binghamton te selebre premye anivèsè li an jwen. [Pwojè a](#) te jwenn sipò 15 milyon dola nan envestisman eta a epi li deja nan limit kapasite li.

Binghamton University School of Pharmacy, nan Johnson City ouvri kounye a. Pwojè a te jwenn sipò 60 milyon dola nan envestisman eta a epi li deja kreye 75 nouvo travay. Klas yo te kòmanse nan etablisman an nan dat 22 Out.

Huron Campus nan Endicott, ansyen espas izin IBM nan, se lojman pwojè resan Southern Tier Soaring ke yo te anonse tankou [NextFlex](#) ak [Imperium3](#).

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, “Sante ekonomik rejyon nou an konekte dirèkteman ak pati santral iben Konte Broome. Fon Greater Binghamton nan sible devlopman k ap bati sou fòs kominote nou yo epi li abòde tou dirèkteman objektif iDistricts yo, yon fonksyon prensipal nan viktwa Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò nou an. Mwen apresye sensèman apresye angajman Gouvènè a k ap kontinye nan pote resous nan Rejyon Nò a”.

Kad Egzekitif Konte, Jason Garnar, te deklare, “Fon Greater Binghamton 20 milyon dola a pral transfòme Konte Broome ak zòn iben prensipal nou yo nan Binghamton, Endicott ak Johnson City. Pwojè ekonomik sa yo pral chanje fason moun gade kominote sa yo ak nouvo, pwojè devlopman inovatif k ap pote yon gwo devlopman ekonomik pou Konte Broome. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li fè investisman majè sa nan konte nou an pou ede li devlope”.

Majistra Vil Binghamton nan, Richard C. David, te deklare, “Fon Greater Binghamton nan, ak espesyalman nouvo Distri DECO a, pral ede kreye kominote ki pi vivab, ki pi fasil pou mache ladann epi ki gen plis enèji. Nan Southern Tier, anba lavil Binghamton tounen yon vrè destinasyon atizay ak kilti, epi fon sa yo pral sipòte estrateji kreyatif pou kontinye revitalizasyon kominotè. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou pwogrè nan inisyativ transfòmasyon sa a pou pi byen kenbe ak atire jèn pwofesyonèl yo ak fanmi yo”.

Majistra Vilaj Johnson City a, Greg Deemie, te deklare, “Investisman Fon Greater Binghamton nan pral ede pote nouvo biznis nan Johnson City ak soutni efò nou yo pou kontinye devlope ak revitalize katye nou yo toupatou nan kominote nou an. Mwen pa ka tann pou mwen travay avèk patnè lokal ak eta nou yo pou aplike plan enpòtan sa a pou bati yon pi bon avni pou Johnson City”.

Majistra Vilaj Endicott la, John Bertoni te deklare, “Fon Greater Binghamton nan pral ede soutni yon pi bèl avni pou pwochen jenerasyon fanmi yo nan kominote nou an, gras a devlopman ekonomi an ak nouvo opòtinite pou rezidan k ap travay di nou yo. Mwen rekonesan anpil anvè Gouvènè Cuomo pou angajman li nan revitalizasyon rejyon nou an”.

Akselere “Southern Tier Soaring”

Anons jodi a vin konplèman pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 4.6 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè “Southern Tier Soaring” ak yon envèstisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta la, jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)